

Pembantoe sareng
agen:
Priangan kieloen
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

* Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja. *

Ditulis di Soekapura drukkerij Tasikmalaja.

LANGGANAN.
Paengmiraha dina 3 nash f 1,50
Sataoen f 5,—
Dibalar ti paloen, Salambar 15,-

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationweg 33 Tasikmalaja.

Redactie:
ATMAWINATA
SOETISNA SENDAJA
Redactie di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangas ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2.— } Sakali moest.
1/12 " f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

Hoofdgeld (padje gsirah).

Ari kapengkoer mah padjeg sirah teh, tjutjog pisan dina ketjap sareng boektina, nya eta ngabanteo tina 1 sirah f 1,— nanging lain saban sirah bae, ieu mah noe keuna teh nya eta anoe parantos ngagadoehan tanah, henteu pilih lobana tanah, dalah ngan 10 bata oge tetep keuna koe padjeg sirah atawa Hoofdgeld nyaeta f 1,— koe margi ngabanteo tina padjeg sirah kadien anoe ngabogaan 10 baoe oge padjeg sirah mah sareea bae f 1.

Dneemoegi ka ajeuna eta padjeg sirah teh parantos naek dneemoegi ka f 3,25 dina 1 sirah. Namoesing eta padjeg sirah teh, ngan di seboetna baoe padjeg sirah teh, da ari boektina mah ngabanteo tina reana padjeg tanah, seperti di Bandjar noe padjeg tanah f 10,— padjeg sirah f 9,50 dijdi noe gede padjeg tanahnya nya dijadi gede sirahna atawa loba sirahna boektina dina padjegna, ari anoe boga padjeg tanah ngan 10 cent padjeg sirahna ngan 9 1/2 cent dijadi sirahna leutik di padjeg na oge saeutik kantecan benten sareng kapengkoer, ari kapengkoer msh kadijen padjeg tanahna poeloean resipis ari padjeg sirahna mah sareea da sirahna sareea, kadijaba la-moen experti boedak di Radjapolah awak 1 sirah 2 pantas etaman doea kalian. Naon marginia snoe matah dijadi kitos, kieu geura asalua, djoeragan noe maes oge parantos ngartos, gunung kapengkoer di desa-de-sa teb koempoeian, ngabarempagekun cerang ngarobal padjeg sirah ngabanteo tina padjeg tanah m. gi dawuhan Menak teu adi ari anoe boga tanah poeloeh-poeloeh baoe ari padjeg sirahna sareea djeung anoe poeloeh poeloeh bata, nya ditataan disebot jen koe atoe ran ajeuna lamoen boga padjeg tanah ngan 50 cent teb padjeg sirahna kira kira ngan 25 cent.

Dawuhan menak adil mana? atoe teu kinten bas parebnet omongna teh, tjeuk saerang kieu tjeuk saerang kitos, Dawuhan menak, lain ajeuna tjeuk misah, anoe bogoh kana atoeran ajeuna teb ka ditoe, anoe teu bogoh atawa tetep, kana atoeran bahanua tjeuk, atoeb nya roa kana atoeran ajeuna adil tjenah, teu ug- netken jen eta robahan loear tina patokan, teor dina djalma noe keuna padjeg sirah bener tanahna ngan aja 50 bata tapi dina perdaganganan noedjoe oentoeng; tjeuk babasan noemboek poeloeh njepak ratoes leuwih oentoeng ti erang Tjikoepa anoe boga leuwung 10 baoe noe hargana 1 baoe f 7,50.

Padjeg sirah rasa koering teu koe-doe dileurkeun kana padjeg tanah, da tanah msh geus boga sorangan lega tanah, nya loba deui padjegna, koe atoeran ajeuna di Bandjar noe boga padjeg tanah f 1,— sirahna f 0,95—kenging di sebat debel, tiimbang kieu langkoeng sse padjeg tanah bae debelkuu heerderienst leungitkeun, ariku karoenje kitretoet (leish kae- nja! Leungitkeun baoe hoofdgeld! Corr.)

Padjeg sirah rasa koering teu koe-doe dileurkeun kana padjeg tanah seperti noe geus ditjari- takeun dileshoer moal engek dikeom-pelkeun deui somaban, sine nimbanh deui, soepaja padjeg sirah dileurkeun kana padjeg kasab? supertior bae, noe pa-djeg sirahna ngan 10 cent ari kasabna f 40— ana prak teh, kirang adil padjeg sirah ngan 10 cent ari kasab f 40 mana gede padjegna oge, gede oentoengna njoeboenkeun dileurkeun deui kana kasab noe f 1,— sirahna f 0,95 dijadi 40 kalip, 0,95 f 38,— adil pisan eu mah kieloen tjihi noe sirik teh. Koe smootan djisim koering noe ngabe ratkeun kana atoeran ajeuna ejacta tanah menak-menak tanah-tanah pan-

sioen, tanah pareman kapala desa, loerah-leerah djeung tanah noe hogana aja di sedjen karesidenan, ari padjeg sirahna di teumbleuhkeun ka oseng pribomei henteu diwalakeun. Dina koempoeian Pasendan di Tasikmalaja moen teu salah tr. 14 Juni 1925. roa pisan noe njarita heurat na padjeg sirah, ana diemoet koe koering bener beuratan kieu katerangan-na; sapertina bae, bapa Saka buga tanah 500 bata padjeg sirahna f 1,— bapa Saka paeh, tanahna diwariskeun ka anakna 10 dijadi padjeg sirahna 10 kali f 10— cerang gantjangkaun bae, noe 10 pach deui, boga anak 5-5 sareea djeung 10 kali 5 sareea djeung 50 anakna tanahna dibagi' 10 bata sewang itoeng-itogoeng swaimbaen padjeg sirahna 50 kali f 1,— f 50— koe naekna padjeg sirah ajeuna rats-rata f 3,25 sareea djeung 60 kali f 3,25 f 162,50 dina 1 bare padjegna, Aasenggeus bae sakieu, osah pati diemoet teuing bisi sisidoeun, noehoen ka djoeragan Redacteur keras moest ieu toehsan koering.

Wasalam
Hardjoproewito.

,Ngawaler poepoeloer memeh mantoen"

Dina Sipatahoenan nomer 8 prihod parantos maes seroeuanan djoeragan Adjam, noe djoedoeina hembawatos ka Kahajat golongan tani di District Tjidjoelang lantaran sawah-sawahna henteu ngabungna tjihi hiroep diwoesoeh koe kapalajua di mana prak genemna di Raad Kaboepaten, soepaja koe ledan wakti rahajat Tjidjoelang djeuteungkeun koedoe moerstel heula solokan tjihi hiroep pikeun sawah-sawah di Distrik Tjidjoelang (handjakal irrigatie teu dipaarahkeun ka Raad Kaboepaten corr.)

Pasal ieu pribados sanget panoedjoe sareng manah djoeragan, sanosa pribados hiroep kalehet golongan toekang dagang, tapi djoeragan tangtos, toekang dagang moal semur pajeo dagangna, oepami henteu digaleuhun koe toekang tani. Nya kitoe kieu sawangga mangsa hiroepna toekang tani mahi atawa tjeuk kiel pakajana tangtos toekang dagang ageng oentoengna (secang). Nanging sawangsoelna oepami Rahajat sawahna gaboeq stawa bera koe ha-ma lantaran koerang tjihi tangtos tjeuk, toekang-toekang dagang oge anoe tangtos bila soengtawa toemost na-langsa. Djadi koe kajakinan ieu tete-la pisan wadjib pisan mitra. Tani mitra dagang kedah sarengan didamel pikeun ngoedag kamadjengan soepaja hiroepna ieu doea partij dagang tani oelsh kadijian kirang sandang kiran pang.

Koemaha atoeb akalna daja oepaja di pakemitas Tjidjoelang aja solo-kan tjihi hiroep noe ngotjor ka sawah sawah?

Sanajan aja oge pihanunana tjihi anoe tangtos pisan pohera ongkosten timana artosna? Djoeragan kieu pi-akalunana:

Sadaja Rajat District Tjidjoelang leres boetoeh koe solokan tjihi hiroep njoeboenkeun koe sadaja ka noe dijadi wakil Pamarentah District koe dijalau noe lempeng, bener keukeuh mautep digawe oleh bosen njoeboenkeun lan- moen tatjan dilaksanakeun.

Tjenah eta abot teuing onkost-onkost (waragadao)?

Djoeragan! pribados pertjantau enget pertjantau ka noe dijadi wakil Pamarentah Nagara jen Nagara moal soengkan, tjados moendoer ngaloe-keun onkost onkost asal kana marga noe matuk ngadjadikuean rahajat ge-

nab rahajida teor dijadi kakertaan na-gara.

Geuning acoer djoeragan! lamoen Rahajat tani hiroepna marahi tang-toe pada sareuri angot ojakkak Pa-marentah ngara mst.

Da leuh dieu mnb djoeragan ning-gang kana paribasa Djawa, lorong ngatoengka," hartosna: "Doekna Ra-hajat roegina Pamarentah", boenzah-na Rahajat soegemanu Pamarentah".

Kalihua sadjabi ti ngawosoeh (njamboneung) kapentinganane noe dia- di tjita-tjita pangarotoehna Rahajat district Tjidjoelang, sause bae ka djoeragan Adjam dalah ka djoeragan-djoeragan sause pribados perloe hatoer oeninga, lebah dieu pribados henteu atjan pioeh nampi pangasih djoera-gan tina hal benoeman Lid Raad Kaboepaten noe toemiba ka adres pri-bados, doepli marginia kieu:

Leres pisan dina Sipatahoenan no-mer 3 nami prihod parantos didju- goekna koe djoeragan-djoeragan Bes-tuur Pasoendan Tasik, pikeun Candi-daat Lid Raad Kaboepaten District Tjidjoelang, ibarat barang Toko mah djoaleun kersaeus bae mitra mitra Tjidjoelang ngagaleuh atoeh noehoen henteu mah teu sawiws-wios, sanes kitoe djoeragan B. Pasendan Tasik (Jakto! Best. Pas) Deui apandjung timbangan pribados pikeun di Tjidjoelang boh pioeh boh benoemna enggal tangtos pisaengna djoeragan-djoeragan pikeun dijago lid R. Kaboepaten noe bakal tiasa ojoemponan atawa njamboneung tarrompetra Rahajat di per-sidangan Raad Kaboepaten, pertjantau djoeragan misti ajana moeng bas ng-lem.

Parandene pribados dilemaja-keun nya kabodoan teor diperintau koe Rahajat. Di trict Tjidjoelang pikeun dijadi lid R. Kaboepaten atoeh lepat lamoen pribados nolak, malah ditampi koe hate wenig ditarjan koe doea tangan, soemangga, soemangga. Lehah dieu sanes pribados ga-doe maksad k. oentoep, dijadi Pangar-oer hoga rasa satimang sareng pa- ngabisa walah totob teu pisan pisan. Moeng bee etang-etang nambihan loesang dijago oelos bieng tjiampoer sareng panggoeng, malah mandar lam-iam tiasa kielana ngalem mi damel kaperloean oemoem noe mang- paat ka bangsa djeung lemah tjihi. Geuning nasehat djoeragan ka pria-dos! Kedah smoet kana kasjaan kapengker ajeuna moal karoos da parantos dijadi Handejaar. . . . Eerlijc enz. Leres nya kitoe pisan djoeragan!! Loesang loembrabna ata-wa galibna hiroep manesa "sok lali kana asali teu waspada kana bakal kadijian". Tjontona aperti:

Hidji djelema noe asal hiroepna waloerat sangsara wekasan soegih moekti beurat beungkar, pedah koe soepih tea parantos teu malire ka tangsana noe waloerat. Atawa hidji djelema golongan si dadap si warot, koe pinteran koe milikna me-nak (prijai), pedah koe kamenakan-na mani geus teu merdeeli ka bang-sana noe bina tea enz. Tab djoera-gan! manesa noe matjemna sapertos noe kaeengel di loeboer. koe pribados moeng dipandang sipatah nae manesa, tapi boektina mah Na ngging sawangsoelna moal sepi tangtos ajanan manesa noe pindah kamanoe-saanana, noe asal moelana waloerat belangsak wekasan dijadi tjeuk (Soegih), atawa noe asal oesoelna djelema bodo wekasan poendjoel pangarti loeboer boedi teor loeboer martabat daradjat, malah tambahnjaja-ak ka daradjat, malah tambah njaa-ka sasama bangsana noe bina, njabe di harga dirina katoet bangsana, teor njah ka lemah tjiaina tambah rendah

adat istiadatna. Manesa kwaliteit ieu koe pribados noe dipandanginear djerona estoe manesa, nya noe kieu pisan koe pribados noe dipeleng han-tem dipentjorong koe pandongan pi-keun ledan ti district Pangandaran oge sakieu bae lanan.

Kairing koe salam hormatna poen Proewitatriissa Parigi datum post merk.

"Kintoenan."

Kahatoer
Djoeragan L. b. M. m.
Kalajan hormat

Dina ieu serat kabar ping 11 Au-gustus No. 7 djisim koering parantos ngingrat seratan Djoeragan anoe mak-saduwa soepaja ieu serat kabar digen-tos namina koe "Sinar Patahoeuan" rehing namai anoe ajeuna teh kirang loetjoena (seb) sareng kirang djeropihartoena.

Maksad Djoeragan kitoe teh, kae-moetna koe djisim koering mah, henteu aja sanes moeng banuwang koe tjinta ka ieu serat kabar.

Ieu serat kabar dikoerkeun koe Pag. Pasendan djadi hartosna, sami bae, Djoeragan teh tjinta ka Pag. Pasendan.

Pag. Pasendan tes pagoejoebana cerang Soenda atoeh Djoeragan teu kinten palaj ngamadjeungkeunaus ka sadjana orang Soenda.

Noehoen Djoeragan!

Jaktoe kedah kitoe!

Moeng kapa mkaad Djoeragan palaj ngagentos namina ieu serat kabar, dina danget ieu mah djisim koering teu atjan tiasa ngaroedje-kan.

Perkawis namina ieu serat kabar, parantos saeutik-eutiken diterang-ken koe Djoeragan Redacteur, na-ning naou awonna, oepami djisim koering nembrong ngiring njaris tiasa perkawis ieu.

Kantenan parantos kaoeninga, jen hiroep koemboeh orang ajeuna, tebih pi-sau tiasa kitjap sampurna.

Naha mana anoe langkoeng perloe?

Naha nami anoe kedah leetjoe teh?

Atapapi eusi (damel) anoe ageung mangpastna?

Doepli nami msh nadjan Si Bosetek oge teu aja pamenganana, dapon eusi bae anoe kedah sse teh, ageung da-mela dina hiroep koemboeh orang djamian ajeuna.

Kantenan awon namina, nanging ageung dameina, kantenan tempong loetjoena.

Henteu salamina nami anoe loetjoe, ame djeero pihartoeusana, tiasa ageung mangpaatna sareng ageung dameina, mangga ieu djisim koering njanggakeun 1 tjonto:

Oepami aja bidji djalim ajeuna nami-na. "Raksajoeda" ieu nami teh teu kinten saena sareng djeero pihartoeusana, nanging koemaha oepami djalimna teh, eukour mah goreng pa-toet, toeroeg-toereeg ugedoel sareng bodo deui, malah make goreng leu-ngeun sagala. Mangga manah naha kedah loetjoe bae ka anoe kitoe teh?

Asa langkoeng sse anoe ngaran Si Bosetek nanging ageung dameina. Nja kitoe deui ieu serat kabar teu

Ti pipir hawoe.

Koering teb enja oge oesoem hoe-rik kielit, pedah halodo, mentas njaba koech di sebrang, da'keur ngadjedje-gan roekoen tjinta bangsa, tjuta le-mah tji.

Nja eta koadoe djaobeh li bangsa djeung ti lemoer, rek merangan noe nganggaran Soenda Soendek, hajang Soenda Soendoel.

Tah tjiok di teu oemoem geura di tanah Batak, keur njar kiel, rea noe kiel teh sia sapoeloe kabeh diilikan papatoetanana soegan aja patoet Soenda, dengdek Soenda daweeung Soenda, welch tina kakara harita padjeueung teu aja noe wa-woweh.

Toeloej ngararomong tjeuk noe sa-orang kieu: ikat biar keras djangan sampe morosot.

Koe koutjap morosot teh seblak ha-te, mak-eun dius gempoengan den-geun ieuh, koe kitoe tea mah zu-ruen sareng oge ngarasa.

Tjeuk hate, "Aeh kawas Soenda ieu!" toeloej sina njamperkeun sanzeus rinjnitah meungkeutnah.

Apa betoel kau orang Batak? tjierek koering.

"Betoel!" jawabna teh, sajah mah soedah lama disini.

G-eus teu kaampeuh deui make ditambahan "mah" mah, ngan gan-tawéung bae. Na da dewek teh lau-k elhi laju rek nangkep bisi silih hoeron mah, silaing teh oerang Soenda?

Djawabna: . Eeh da Soemboehan andi teh Agan oerang Tjiparaj, kaka-hoeran kielan, ti koutrakan.

Toeh, rasa Soenda teh salah geuning teu uennang dipaling, morosot djeung mah ka dengdek-deugdekna noorn!

Gelenjoe.

(*)
kedah gentos namina rantaos namina, skieun oge parantos tjeuk, biibaja sse baoe batoer "ngan kalah ka

bisa njekel paparentahan sorangan, tjenah.

Atoeh oerang Hindia ana sakitoe baujungna teh boga kamerdikaan, ngau hoeleug bae ngaboeleug, bari nanja ka diri sorangan. Naha enja aing teh tatjan asak, tatjan meudjeuhua njekel paparentahan sorangan?

Enja meureun barodo keneh. Heug atoeh, ajeuna mah rek make djalanan sedjen, kadjeun rada lila meudjeuhua oge dapon laksana bae.

Keun bae sahelaan mah moal waka menta kamerdikaan, tapi menta pangadjaran dibadean, eakola dilokalan soepaja engkera bisa ngoeroes sorangan.

Koemaha ajeuna djawabna?

Eakola teu perloe dilobaan pangadjaran teu koedoe dihadean, sabab geus loba teuing anoe pinter, geuning anoe geus aja teu kagaweken kabeh, dilobaan sakola oge pertjoemah bae, geuning sakola desa oge loba anoe koedoe ditoeoep lantaran ewueub pimoerdeuuan.

Ah! nja matak teu kaharti ieu mah, menta kamerdikaan, tatjan asak tjenah, ari menta pangadjaran geus rea teuing anoe palinter tjenah. Tjing mana atoeh tj-keleunana?

Hanas eta sakola desa teu pujoe, laiu salihna oerang desa tapi salah anoe ugajaken teu daek miluan waktroe towongna baroedak desa.

Kapan ari isoek mah baroedak desa teh rereana koedoe manteoen kolotna ka sawah awata ka kebon keur ujoempuan pangapea dijawaan, aja toe ngangon, aja nos ngored djeung djaba ti eta, djadi teu aja tempe pikeun ka sakola, sedjen deui djeung baroedak noe aja di dajeuh.

Tjona lamoen sakola desa teh sare, kaering nangoeng tangtoe bisa piuoeina, koino lamoen hajaranaana moerah mah tangtoe koedoe ditamnah reana sakola desa teh. (Aloesa mah oelai major Corr).

Ari ajeuna rek diajana Raad Kaboepaten oge, geuning oerang desa sakitoe poengk-pingoekeun, da rea noe teu sakola tea ari saenja-enjana mah perkara ieu teu matak djadi halangan, lamoen bener oerang rek dibere kamerdikaan, da di tnanah anoe merdika oge henteu pinter oenggal djulma.

Koe ngadegna Raad Kaboepaten, tatjan hidji tanda jen oerang rek meunang kamerdikaan, tatjan bise nangtoekun jen ieu galagatna hada, ari lantaranaana oeraug dadarkeun di handap.

1 Sagala kakawasaan Raad Kaboepaten tea geus dioekoeran koe itoe

2 Sagala papagon Raad Kaboepaten tea geus ditetepkeun koe itoe benetu baduan heule djeung somah.

3 Raad Kaboepaten ngan oekoer bisa mere timbangsan, tapi teu bisa moetoeskeun sabab aja Raad Provincie, timbangsan Raad Kaboepaten meniek ka Raad Provincie koedoe ka Kresident heula, ari Resident teh heulu woedjoed 1 Raad tipe djalina oerang.

4 Hakna Raad Kaboepaten teh aja salihapeun djalma saerang nja-eta Resident tea.

5. Raad Kaboepaten teh ngan oekoer aja dina tjongona paparentahan sabab poehoena mah aja keneh dina leugeun itoe.

Ka sakoer anoe miloe oelos bioeng kana ngadegna Raad Kaboepaten, koering teu rek ngahalang-halang, malah soekoer pisau, pikeun tamha kawarsan naoung bae, sabab moal bisa terang djerong lamoen teu miloe tjampoer.

Ajeuna koering bajang terang,

Naha paparentah geus aja niatrek mere kamerdikaan ka oerang Hindia?

B. S.

Perkoempoelan Roekoen Ihtiar (P. R. I.)

KARANGNOENGGAH

Karangnoenggal teh hidji distrik noe teu kuiteng deukeut ka kota Tasikmalaja, ajana sisu laot kidoi.

Tapi sanadjan kitoe, oerang Karangnoenggal henteu tinggaleun kana kamadjoean mah; koe lantaran rempoeg djeokoeng, repel repil djitung bahatoeran' noe boga pangarti daek noengtoen ka babatoeranana kana djalan kamadjoean djeung kasalametan, nja aja ogo boekina.

Mane boekina?

Geus 2 taen lilana di Karangnoenggal ngadeg hidji pagoejoeban noe saunata-mata kaloeur ti raja, ugariana:

Perkoempoelan Roekoen Ihtiar" (P. R. I.)

Maksodna:

1. Ihtiar soepaja resep sarta daek njimpen doeit, koe djalan njengtjelingan dina pagoejoeban saeutikna f 0,50 (lima ketip) dina saboelan.

2. Ngadjaga soepaja oeloh ngandjoek doeti renten djaluh.

3. Pikeun toeloeng tnoeloengan djeung pada babatoeran. Babakoena ti pagoejoeban meunang indijounan doeit ti pada lid meunang roepa-roepa boekoe djeung soerat kabar.

4. Ihtiar ngamadjoekeun oesaha da-

gnang, tani.

5. Ihtiar nambahan loeang (kanjaho) koe djalan koekoempolan (ber-toekar pikiran), matja roepa-roepa boekoe djeung soerat kabar.

6. Enz enz.

Watko teu lidua geus aja ± 70

djalma bangsa tani, dagang djeung kaom hoeroeli.

Bestuurna nja eta:

1. M. Soedjaja Loerah desa Karangnoenggal (Voorzitter)

2. M. A. Soeraatinadja Hulponderwijzer Karangnoenggal (Secretaris).

3. M. Tarwia Handelaar Karangnoenggal (Thesaurier).

4. M. Soeharmawidjaja Hulponderwijzer Karangnoenggal (le. Commissaris).

5. M. Padma Handelaar Karangnoenggal (2e. Commissair).

Eta pagoejoeban geus aja oge ka koeatanana, kakajaanana make geus aja rebuan roepia, malah ugadegkeun toko nanaon. Noe djadi pangoeroes toko, M. Wigenabrata Handelaar Karangnoenggal.

Toko P. R. I. bener teu gede tapi tjoekop pikeun njadiana kaperloean sapopoë, sarta koe ajana toko pagoejoeban, toko-toko Tjina noe aja di Karangnoenggal teu bisa sawenang-wenang teuing tjara ka toekang-toekang, dina neudeum harga daganga nana teh, sabab toko P. R. I. hen teu sabaraha ngarah batu, lantaren maksoedna nomer hidji "noeloeng".

Koe hebosna djaman kamadjoean, oerang Karangnoenggal semoena emboeng tinggaleun dina hal economie.

P. R. I. beuki tegoh makteedna hajang madjoe teh. Sakabelu lid pada soenggoeh-soenggoeh ihtiar neangan djalan kamadjoean oesaha.

Rd. Daimatmadja Agent bang Karangnoenggal, hidji lid P. R. I. noe setia sarta ngabogaan sipay "pembela bangsa", geus nembungkeun ihtiaran, ngadjak reremoeagan muleu autobus" noe Djepang. Doemeh koe noe boga rek didjoe f 2500.— (doea rebue liwa ratoen roepia.)

Berkahna rempoeg djeokoeng tea, babakoena tina tegohna noe djadi pangoeroes, eta jalunoenan teh nepi ka bisa laksana autobus Djepang teh kabeuli f 2500,— koe njiu aandeel sahidjina f 25.—

Dinten Ahad dd. 12 Juli 1925 eta autobus mimici didjalankeun antara Karangnoenggal Tasikmalaja. Soepirna Utong, tetep oeroet soupir Djepang gadjin f 75,— Condecteurna Bahroedin (lid P. R. I.) gadjin f 25,— sa-boelan.

Kekenginanana rata-rata 1 dinten f 30,— kaloearanana rata-rata 1 dinten f 20,— Oentoeng bersih dina 1 dinten f 10.—

Koelantaran hal autobus oeroesana na dipisahkeur tina oeroesan P. R. I. (pangoeroesua bestuur P. R. I. keneh) djadi didamel minangka tjabang P. R. I. bae, dingaranan "O. O. K." (Oesaha oerang Karangnoenggal).

Minangka keur pangeling-ngeling ka oerang Karangnoenggal, perloe ogo ditjariskeun jen noe ngawitan ngadegkenn P. R. I., tegesna noe kagoengan alpoekah oesoel assalna nju-eta:

1. M. Soedjaja Loerah desa Karangnoenggal.

2. M. Tarwia Handelaar Karangnoenggal.

3. M. Wigenabrata Handelaar Karangnoenggal.

4. M. Padma Handelaar Karangnoenggal.

5. M. Sadria Handelaar Karangnoenggal.

6. M. Wihardja Djroetnelis desa Karangnoenggal.

7. R. Darumaatmadja Agent bang Karangnoenggal.

Djadi assalna lid P. R. I. teh 7 djalima, didjero doea taen lidna geus djadi 70 djalma.

Djisim koering panoeboen ka Goesti

ti noe Maha Soetji, moegi moegi pagoejoeban P. R. I. sareng O. O. K. toeloej tomoeloej moeloe rahajoe, sing woewoh kamadjengana, ditebihkeun tina kasawat, anoe biasa."

Sareng disoehoenkeun hibar pangdoe'a sadajana oerang Soenda, moegi-moegi paneda djisim koering dikaboel noe noe Maha Soetji, bangsa Soenda tam-bah-tambah kamadjengana sareng ka-salametanana. Am in!

Oendjoek noehoen ka Djoeragan Redacteur Sipataloenan, kersa ngalo-betkeun ieu karangan noe sakieu la-ipna,

Panoetoep pihatoer djisim koering, moegi-moegi Djrg. Redacteur sareng sadajana noe maos ieu serat kabar, stini kersa ngagoentoeran koe sih ha-poenten.

S. A.

Njamboeng saer.

Dina Sipataloenan No. 7 simkoerring parontas matja karanganana djr. M. Engka-Widjaja noe nganggo kapale Kabieuwan. Oepami sim koe ring ter lepat mangartos, maksadna palaj ngatoer pieusieunana Sipataloenan, sarta tangtos tempatne hidji-hidji karangan, sapertos: rubriek ieu pikeun politiek woengkoel, rubriek itow pikeun basa woengkoel s. d. t. e. Sim koering teu kinten moepakutha, lantaran nja eta ngemoetkeun manoe-ah teu sami paangabogohna. Para djoeragan noe woengkoel karesepna kana positiek nja aja pitempteunana, nja kitoo deui noe kana base atanapi sanes ti eta nja aja pieunggonaunana, djadi teu pasalia tempat. Namoeng poenten djoeragan Redactie

Saues kitoe kapalaj teh djr. Engka?

Ari eusina (noe dikarauhna) nja eta mali sapangabogohna-sapangabogohna bae, asal nos mangpan.

Namoeng koe kahojong (jet wel: koe kahojong !) sim koering kedah ninggal kana waktoena, kana djamanan, da, di henteu-henteu oge kahojong, dina neudeum harga daganga nana teh, sabab toko P. R. I. hen teu sabaraha ngarah batu, lantaren maksoedna nomer hidji "noeloeng".

Ari pamendak sim koering mah anoe henteu robah sotek ngan woengkoel atribututna (dadiarsana) da ari goestna djuman mali'sok ganti-ganti, sapertos: djuman 10 taen katekang djalma-djuluna di padessan ngunggap na ku batoerna noe ditjoekor teh (dipolka) katjida swotna, pokna rek djadi kapir, tapi sawangsoelna ajeuna mani oenggal hooeloe goendoel. Baheula marourangkalih istri di oerang teu kinten dipingitna, teu kenging kaloear teu boemi, da bisi tea, tapi ajeuna? Sadaja sami taringali.

Njakiteu deui di Eropa, aja wak-toena noe djadi tjatoer sadidinten tol ngan Agama woengkoel (opeami teu lepat samemehua Byzantium kareboek koe Toerki), lectuur woengkoel s. d. t. e.

Di oerang Djaman kabehdiuneukeun roepi-roepina djelema-djelema teh geus teu patos merdeoli kana wawatjan-wawatjan noe njarioskeun kasukten djuman baheula, sapertos ngapoeung, neroesboemi atanapi njipta angin, njipta seuneu sareng sabungga-na, da poegoeh nja eta parontas sanes djumanan tea. Djaman ajeuna mah djaman Werkelijkheid (kanjataan). Naon noe karasa, naon noe krambeu atanapi katingal nja eta noe asoep akal. Oerang sisi biase pamanggihna kitoe. Da poegoeh noe karasa waktos ieu padjeg beurat, nja padjeg bae noe dipikiran teh. Arang langka djaoch ti dinja, zoemawontan kana mikii aloes hadena bassa mah, tjara dji. Engka?

Ajeuna bangsa oerang ngarasa kajida kasedekunana dina hal positiek. Koe tina kasedekkeun tau nepi ka katingali njutua pisan roegina teh. Djaman di oerang ajeuna parontas robah djadi djaman positiek, kang Kromo ge terangeun !!

Tjung mangga oerang ganti haloean, positiek ramekeun. . .

Ari kahojong inah kitoe eusina Si-patahoenau teh.

Poenten, poenten.
Oerang desa.

N. B. Kitoe deui basa Soenda noe dianggo dina Sip. kahojong sim koering inah teu perloe me-sue-teu teuing (asal oeloh kotor bee!!) da teu oenggal djelema noe tissa kana zuiver Soendaasch teh, doeka oepami Poesa-ka Soenda, namoeng panjarioean P. S. teu patos ari kana positiek mah.

O. d.

Inlandsche Verponding.

Inlandsche Verponding noe katjida beurtau teur oerang pribomei, noe

dina oenggal-oenggal Vergadering di-jitariskeun, noe di Volksraad koe kangdjeng Dalem Bandoeung geus di-voerstel disoehoenkeun dirobah, ajeuna rek dirobah atoeranana, tjeuk kabar dina Preanger Bod.

Kieubahanana:

Pamarentah geus marentah ka Directeur Financien soepaja beurtau Inl. Verponding dikeerangan. Noeroet-keun atoeran beubeunangan tina Inl. Verponding sataeo f 800.000. Koe atoeran noe anjar Inl. Verponding dina sataeo ngan meunang f 500.000

Djadi djoembahli djambleli ngoeran-ganana f 300.000 awatu tiloe per dalapanna. Djadi oepama rata-rata ngoeranganana sakitoes tina f 100 ngoeranganana f 37,5. Tah ajeuna koe oerang sarera noe njangga pa-djeg orang awaskun, na enja henteu Inl. Verponding teh toeroen, da ieu teh kakura kabar dina koran bae. Ajeuna koe oerang koedoe diawas-keun dina prakna.

Aja henteu ngoeranganana.

Da kadjeun teuing tjeuk wetna di-koerangan, ari prakna henteu mah, tjeuk-taja goenana.

Di dieu mosi ditjariskeun deni aksaernaha beurtau Inl. Verponding, bisi bosen noe maratja. Ngan ieu, soegana djadi pertimbangan bae.

Noe bareto majar landrente f 3 ajeuna djadi Inl. verp. f 165. Sabaraha pereson naekna eta teh?

Oepama enja teh dikeerangan 2/3 na tjeuk koering mah keukcuk beurta-keneh bae, imah teh dipadjeg per-sonnel, toeloj asoep deui kana pa-djeg pangasilan, djadi padjegna tiloe kali.

Koemaha atoeh oepama landrente bae telep, ngan tanah noe di kota ditambahan opcenten cepamana bae

Rd. Wiranikoesoemah	Prm. Tjam Boeniseuri	Imbanagara
Rd. Wirapermanah	Koeuw	Oetama
Rd. Widjajaasstra	Pens. Tjammat Tjamis	Dewagari
Rd. Wiramantri	Pens. Schooldziener	Tjamis
Wirasasmita	Tani	G. tjoepoe

Postspaarbank.

Lain sakali doen kali, tiloe oput ka-ji. Pamarentah njebotkeun jen oerang Priboemi teh pada tjokwoek, boli gadjhina boh kahiropanna, saluh kangan dina NOMER teroesna boekoe Postspaarbank mani rebroe-reboe dilema anoe njengtjelengan, sanadjan tetela jen bener ari eusina mah ugan oekoer SENSENAN oge, du lain ngitoeng lobana docit, tapi ugitoeng no merina bae.

Enja oge aja noe neundeun roepiaan, tapi babakoena msh lain ti na katjokoepan, bawuning koe makss maksaune maneh bae, tina hajang boga anak 'elah kasedekkeun teuing, pikeun ongkos engke ari anakna hajang sakola.

Malah sawareh msh boelan doea boelan neundeun, k-tiloena toeloej dijokot, keur njojukan tekor ka wa-req, boelan tookang.

M. K. A.

Pemalang postmerk.

Kabar Ieres ???

Para saderek goeroe-goeroe kaloeaan ti Kweekschool! Arandjaun manawi seuseuneurna parantos ngaroeping wertos tine perkawis hoofdschap te-

Anangging emotan noe mjerat tangtos seueur oge saderek-saderek goeroe znoe teu atjan aroeninga. Koe margi eta prajogi eta kabar teh bade ditju-roskeun deui bae.

Oepami teu lepat dina orgaan H. K.

S. B. sisih poengkoer aja noe njebat-keun jen dina N. I. O. G. taoen 1925 katra 90 aju suratan kien :

Goeroe-goeroe noe boga diploma Kweekschool boga hak nampa hoofdschap f15 (lima belas roepia) la-moen geus digawe litana tiloe taoen.

Hormatna noe ngabedjaan

boeloe bitis

Danamihardja.

Pantamboeng:

Leres ieu wertos teh, malah dina Bond van Neutrale schoolvereenigingen oge ieu teh disebutkeun, ngan seueur keneh goeroe ti Kweekschool noe parantos 4 taoen langkoeng di-nesna teu kenging hoofdschap. Mangga bestuuri Kweekschooldond ieu enggal oeroeskeun :

Red.

Loear tanggoengan Redactie.

Salinan Seratna ti djoeragan A. Ma-ngoedijwita.

Bodjong 2 Augustus 1925.

Kahatoer

Djoeragan H. Ein-k Bodij

Manondjuja.

Sareng hormat!

Diboedjeng perloena bas lantaran Djoeragan H. henteu kersa dicandi-dsateun kana lid Rand Kuboepaten, ladjeng njabit ka djisim koering, djisim koering toemuros kheuna ha marginita? naon perloena? njoe-hoekkeun walonan 'olah nganggung' jalann sirkid pidik pasek moenapek njoe-hoekkeun soepaja diwalon koe-manah noe soetji beresih.

pangadjeng-ngerdjengna

A. M. diwiria.

Sipatahoenan No. 3 Sipatahoenan No. 6 Ampoen! X 115 =

IMPLIK-IMPLIK

Nji Djoeminem.

Koe K. M.

Samboengan Sip. No. 9.

(Dwagel dipetik).

Braj. panto dapoer moeka, gabeg hate Isna sada ditinggoer bae teu ka-jahoaan deui geus aja noe asoep nge-lek lodoung ka djeru. Panto meundut deui; bae! tjet hate Isna, bo-a-boa lia aing moal aja noe nangeuan. Ke-lepoes oedoed, tajau parapatna geret deui panto moeka molongo pisan, gebeg deui hate Isna, djo noe ngelek

saemehna djisim koering nem-bongkeun kasoection ati ka Djoera-gan A. Mangoendiwiria, hatoer deni-nga ka sadaya noemoen Sipatahoen-wirel dina Sip noe moer Ajoe-A. M. No. 3 + No. 6 toelisan sin-koering anoe terhadep ka djoer, A. M. ditjaboet.

Njoochenkeun dihampoenteun ka djoer, A. M. doepi maksadna geura kieu: djoeragan! hin sirik pidik a. I. alesan dina datangna Raad tea (boewat pamandungan oemoen) b. Ajoeuna oerang Hindia geus datang mangsana rek tjendoek waktoena, sanadjan oerang tjan subaraha pu-mandangan tjara noo palalinter soemawonna-ari saperti oerang Europa mah, geus raresep diadjar njarios dina soerat-soerat kabar, noe matuk djelema-djelema anoe laloehoer boe-dina radjol njarieun roepa-roepa soerat kabar. Djadi oerang oge ngarti jen pikiran teh berharga timbung Doseja beranal Oge emotan sim-koering anoe bodo wadib oerang subgi manoesa njien hidji lapang boeat toekem pikiran, soepaja pikiran oamoem noedjoe kane saka, slumeten djeung kamoeljaan doenja Aherat, ija eta koe ajana soerat-soerat kabur tea.

c. Sim koering djeung andjeun teh estoe wawochi ti boeboedak malah kapoengkoer mali salemboer, pribadi soemphat klawan soetji ati estoe boeng-hoe teu aja hinggana ngingal soewara soewara andjeun dina s. k. Sipatahoenan tawis jen rek ngenjeuk babatieran di eta tempat, tangtos manah andjeun anoe soetji asoep ka anoe masih karerek keneh.

Henteu aja perloena sureng margina-lijan ti sakito pribados tobah lamoen aja pasek moenapek noe teu aja halina salira sindjeun ka pribados. Malah pribados katjida bandjakalan het manishan srat (negor) dilowar soerat kabar, hartina maledog ti toekang, kraan pribados katjida kabitana koe noe palalinter marebootkeun pubam-paham dina soerat-soerat kabur sa-perti Djoer. H. A. Salim djeung 'sa-bangsanu kaeom poelitiek deui, atawa djoer. M. Sanoesi djeung dalam Bandeeng lian ti eta seueur doui, naba koedoe anoe palalinter bae djoer. A. M.? atawa peduli sinukoering bodo-nepi ka djoer A. M. dipasihun titel sirkid pidik pasek moenapek. naon deui.

Henteu sanes soepaos djadi timba-ningan sadaya noe maes s. k. Sip. ma-pan-ri tempat dina ieu s. k. klajar naegit njoe-hoekkeun dimoek.

Wasalam

Emek H. Badri.

Boeboedoegan.

1. Maksad sim koering, teu aja sa-nes sangkan di oerang oeloh seueur teuing noe Njerahkeun.

2. Djrg. S. sim koering mah, toe-maroes soteli sanes boeahna, nu noeng miniti MELAKNA, geuning kasa-orenan djrg. S. mah, teu benten sareng kien: Lamoen hajang pinter koedoe Sakola, kantenan pisan teu aja lepat-na, namoeng koemaha minitina di adjar: moestabil oedjog oedjog pinter mah, meureun kedah ti handap heula, nembe nerekel ka loehoer nja doegi ka noe disedja (kala boeahna) kitoe deui teu. henteu oedjog oedjog woewoh lami kedah woewoh pipa-noedjoeun pikeun oerang, da'kedah aja ti handapna heula, sangkuu kitoe teu kedah koemaha minitina-doemoe-

poer;" saha Embi? sina ka dieu bae asoep."

"Ieu anoe ngirim soeloh!" Long Isna pikirna kapoekan uge-leper dadaua rateog, teu pohu kana eta soara ti dapoer, tetela Nji Eu-djoem noe dijadi katjapanang beurang peuting, kampi-impi saillang. "Soe-moehoen abdi ti peuntas."

"Ti peuntas ti mana? Tjing ka dieu bae asoep."

Solonong Isna dongko asoep ka da-poer, kuekoerajeun saboeloe-boeloe poendoek djeung hate teu leler-leler keketegan.

Kakara harita Isna ngarasa seuri pada atoh. Katambah aja sora ti da-

gi kaala boeahna, margi maksad sim koering teh, istoe anggoeun ka sadaja-jana saoer oerang Batawi mah, saoer boeat semoeah, semoeah boeat gatoe.

Kapan koe sim koering parantos di terangkeun ieu ieu Boeboedoegan anggoeun ka djalmi noe keur laki rabi saterasnang anggoeun ka sadajana tea. tangtos kalepatan teh bidjilna oge ti salah sawios.

9. Koe sim koering moal didjawab margi katimbang henteu aja hasilna.

Panggalih.

Dogdog pangrewong"

Ana diemoet-emoet asa "matibr" katjida karangan sim koering noe ti pajoen "Dogdog Pangrewong" dina Sipatahoenan No. 5 kaping 28 Juli jl.

Taja sanes sim koering moeng hatoer noeshoen ka Djoeragan Redac-tie reb andjenona parautos ngabadjad masihin tempat dina eta soerat kabar kanggo eta karangan.

Djoeragan-djoeragan tangtos aja noe mariksa: "Naba diseboet matib koemsha?"

Kieu Djoeragan doepi sajaktosna mah, geura!!

Woeri-woeri sim koering parantos bangta g ka Oerang Tasik, Tjamis, na teu kantos launi, djetobol aja iver, seentung bawuning angin, kolepat bawuning kilat, jen "V. V. Tjitapen" hadongkup ka Gaoet dina ping 6-7-8 sasih ieu.

Jakto bae, henteu djalir tina djang-dji, teu soelaja tina bedja, koereng-hoeng bae, dina dinten Djoemaa-ping 6 Augustus dongkap. Na la-djeung bae pasosontenna dina dinten eta diaben sareng "V. V. & V. C." Gaoet (0-0).

Dinten enjinguu diaben deui sa-rong Kampioen Gaoet "Olympia" (1-0) Tjitapen noe kenging. Sa-rong dina dinten panoetoep (Minggo) pasosontenna diaben, deui sareng "V. V. Unie" (0-1) Unie noe kenging.

Sim koering teu kinten bae hare-negrna, rehna kampioen Gaoet "Olympia" kawonna koe Tjitapen teu dina waktos kirang rempeugna, ij ehon teun dengan sareng s'epadoes V. V. Tjitapen Keresa swemping deui dina kaping 22 sasih ieu, maledi njonan deui tanaga "Olympia" diua wantos rempeugna.

Deui, menggah Tasik oge tangtos kagoengan kapanasaran reh kawonna koe Unie teh, kenzing disebatkeun tjoerang (margi diroempak keperna), padahal ospami teu kitwe mab, nang-gel moal kawon Tjitapen teu, maledi ospami dina dintenan kahidji teu aja doepak mah, kantenan Tasik deui bae noe kenging.

Sim koering mah-teu pati resep ningai noe kitoe teh eta asa ngingal "Ngadoe Domua", da ari meuggah sim koering mah pang panoedjoenia ka "Tjitapen" sareng ka "Olympia" teu kintaran teu pati aja doepak, woengkoel "selin" noe diroeroes. Tak-toos kedah kararitan Djoeragan oerang mah spel bae padjengkeun, entong madjoengkeun "tanaga".

Tjontona tinsali kaajaan voetbal oerang Asing (Walanda) dimana aja tjoerang sapertos oerang Priboemi ???

Olympia teh nembe ajeuna bae kawonna koe Tasik, koe Bandoeng, koe Tjandjoer mah, c. asih tagreg pisan, malah rere menna mah kenging.

Paug kawonna koe Tasik, koe sim koering parantos ditjarioskeun di loehoer, njaeta tina kirang rempeugna ter. Djadi masih Kampioen Gaoet keneh bae, ana kitoe mah, teu ro-

maos "Rugrag Merk" kadjabu cepami Tjitapen tiisa ngewoneukeun deui dina kaping 22 tea, eta mah sadaja-daja parantos roemahs kawon bae, teu bade didamel aral.

Ach naha asa parantos lami tuing-ungawadek teh, padahal aja keneh doe teu atjan katjarniskeun.

Koemaha kinten-kinten Djoeragan President maen-bal "Galosh" aja hodjhina kitoe?

Ah, taja panginten? Geuning boek-tika ten aja hidji-hidji atjan noe sa-toemping ka Gaoet.

Eta oge diantos-autos pisan koelian.

Tockang laladjo.

A. S.

Gaoet, postmerk.

Panjamboeng:

Saena mah elah maen bal bae, nanging naon bae noe kinten perluo sae Sip. pasihau wartos.

Red.

Samboengan.

"Paparin ti Ejang."

66. Silihana hiroep, koedoe ngalam-pahkeun anoe aja goenana.

67. Delah mojok akiaki, sanadjan ngora oge, pibariseu aki-aki.

68. Kolot teh, elah kolot roepana bae, tapi koedoe kolot elmoena.

69. Lamoen hajang sehat, silihana koedoe berseka.

70. Teteudjoan ngarareunah, kana hate matuk senaung.

71. Ngambeu-anoe seungit, karasan-a-sa seger, tapi lamoen kadeuteun koe djeume hade lampaina, leuh-leuhwi ti matuk seger.

72. Ngadengen anoe hade basa, leuh-leuhwi ngeunah batu ngadengen djeumpe doekken.

73. Ngeunah kana tjeuli, kana ba-te oge ng-umah.

74. Sameneuh ngaraksa noe didjero, perluo ngaraksa noe di lebar heula.

75. Manoek titiran anoe hade sorana, mahal harsana, djelema manok-mono, anoe hade sorana atoe hade basana, leuh-leuhwi ti titiran.

76. Dina dhero kasi-esahan, sadjam teh asa satabean, tapi lamoen dina kasenangan geus satabean teh asa ka-kara kamari.

77. Waloengen tjaah teu matak paidi, tapi lamoen disorang, matak njihakakeku.

78. Dina waktue keur kasi-esahan ataw keur sarsara, sanadjan aja di

na tempat anoe endah oge, henteu matak djadi oebar.

79. Katepaan lampah

TOKO BOEKOE
M. J. PRAWIRA WINATA.
GROOTE LENGKONGWEG 1 BANDOENG.

Basa Soenda.	Basa Melayoe.
Velkualmen Soenda 1926	f 0.80
Poernama Alam satamana	" 3.
Ratu Atjih I f 0.30 II	" 0.45
Rangga Woeloe	" 1.50
Dindjar akara I II III IV	" 0.45
Hodor Triwangles	" 0.80
Pabrik Seuri	" 0.80
Soelandjana	" 1.
Raden Oestama	" 0.85
Natassogkawa	" 0.40
Nabi Paras	" 0.50
Jatjarakan anjar I f 0.20 II	" 0.40
Salewe toeladan	" 0.36
Aman abdi I f 0.15 II f 0.18 III	" 0.30
Pergiwa pergiwati	" 0.25
Boekoe Maek masakan	" 0.25
Boekoe-boekoe noe kasebat di loehoes teu atjan dictang ongkos ngintoskenen. Prijscourant dikintoen perjiomah.	51
Sajagi ± 100.000 boekoe Tweedehandsch Moderne talon. Pangasena rata ratana kirang tina satengahna paungas weuteuhan.	

Boekoe-boekoe noe kasebat di loehoes teu atjan dictang ongkos ngintoskenen. Prijscourant dikintoen perjiomah.

Sajagi ± 100.000 boekoe Tweedehandsch Moderne talon. Pangasena rata ratana kirang tina satengahna paungas weuteuhan.

PRIJSCOURANT ANJAR

(Basa Melayoe)
Nembe Kaloeear.

Saha-saha anoo hujong dipaparin (dikintoen), mangga linggin ka toko atanapi njerat ka

53 Toko Boekoe
L. A. LEZER.
Tasikmalaja.

Djoeragan² sareng saderak³ selah kabielkan, moel aja noe bireuk, moel enja hanteu oeninga, ka Pasar baroe Tasikmalaja. Pilart bas dina roegang No. 1 Los letter E, didinna aja wareeng GENDONG (bangkelan) anoe parantes kasebor kamirahanan sareng marodel barang mangga soemping atas diteta oge boeka di adjeng⁴ piene.

Hoermatna
Mh. SATIBI

50 Hoermatna

Hatoer oeninga!

Djoeragan-djoeragan oepami ngagaleuh kopesh model Padang, baris itjalkeuneun deui memeh ngagaleuh ka noe sanes mangga tjobian heula ka djisim koering soemping koe andjeun atawa moenduet badanten koe serat.

Noe didamelna tina Sindeliju, soetra, kasar, sedeng sareng noe pangraena.

Pangraena ditanggel pangmirahna pisan

Perdjangan: oepami padamelanana teu kaanggo sareng pangao laugkoeng awis ti noe sanes kenging di wangsoekoun deui, nanggel moal ujesahkeun noe ngagaleuh, mangga euggal tjobian.

Hoermatna noe agente
SOERDJO

Bengkel kopiah di kp. Tjiloeungkoel Indhihang Tasikmalaja.

HEALTH IS BETTER THAN WEALTH

Iaesa Allah tanggoeng baik dan mandjoer obat-obat dari Hindoestan.

Noe sawis di handap ieu nerangkeun ka para djoeragan sadaja, jen ajeuna sim koering parantos moeka toko obat tina saniskanten panjawat.

Memeli ka noe sanes mangga tjabubiau heula ka sim koering atanapi bilih kirang mental ti noe sanes mangga soemping ka toko obat simkoering, naunggel dirawat sae sareng njenangkeun. Nanggel teu kedah dibelek (operatie) sim koering tissa ugadangkeun saniskanten kasawat anoe maten.

Ka anoe kirang mampoeh asal aja katrangan ti djr. Wadana atawa Controleur, tissa kenging landong perjiomah. Salamina ujajagikeun landong koe diahan rembours.

Nampi panjaoer ka boemi anoe palaj diparios, kasawat koemaha bae.

Nami obat sareng harga.

1 Bateek mengi f 5.— 2 Bateek gangea f 2,50 3 Bateek bisca f 1.— 4 Pegei lincee f 2,50 5 Sakit mata f 1.— 6 Mata lamoor f 2,50 7 Sakit peroet f 1.— 8 Sakit kalingair f 2,50 9 Sakit sakit badan f 2,50 10 Meulen f 1,50 11 Saleema f 1.— 12 Sakit kapala f 1.— 13 Sakit tadjam f 1,50 14 Obat tjatjing f 1.— 15 Bisoel f 1,50 16 Benjikit koering f 2.— 17 Sakit sekorl f 2.— 18 Rieut djangar f 1,50 19 oesar kokoloteun f 1,50 20 haloes koelit f 1,50 21 pandjekunn ramboet f 1,50 22 ngilangkeun ramboet f 1.— 23 obat gateul f 1.— 24 radang f 2.— 25 roepa roepa halut f 2,50 26 oesar panon benreum f 1.— 27 oesar ngaberisben f 1.— 28 njeri parindikan f 2,50 29 njeri gigir f 2,50 30 njeri saboekee boekoe f 2,30 31 njeri cerat cerat f 2,50 32 kaligata f 2.— 33 njeri tjangkeng f 2.— 34 njeri tjeuli f 1.— 35 koeraug sare f 1,50 36 senoul augen f 1.—

Obat bikin gemoek dan obat bikin koeroes ada sedia.

Orat penjakti jang djahat djahat sedia.

Hormatna

Toko Obat dari Hindoestan

FAZAL MOHAMAD

Stationsweg Tasikmalaja

N. B. Saja tida ada orang jang keliling, kalau maue beli obat-obat dateng sadja di Toko.

TOKO OBAT
Universel Agentschap
NIC MULLER
TASIKMALAJA
Coenoengiadee No. 15

Telefoon No. 26.

Awas nembe katampi.

Tipoeng ngabodasekeun papakean sou-
seuhuen 1 K. G. f 1,75

10 K. G. f 15.—

Tipoeng toembila 1 K. G. f 7,7

Minjak puko garing f 1.—

Feso tjoekoor (Gilete) f 2,50

Minjak iamboet roepi-roepi

Botol dot boedak ngango

oekoeran f 0,45

Spirtoes sae sajagi dimoerahkeun

Landong gohnguji f 0,75

Sanatogen obat kasehatan f 4.—

Pil nebar njeri tjangkeng f 1,95

Minjak keur boedak soepaja

koot (evertr an) f 1,25

Kalasn idem idem f 3.—

Ovomiltine (obat kasehatan) f 2,50

Obat njegah kasawat istri f 2.—

Obat kasawat kahampangan f 4.—

Obat mengi f 1,75

Kaizerborox f 0,75

Hoermatna

Nic Muller.

40

Eere diploma ti Grote Tentoonstel-
ling Tasikmalaja. 1975

Koek - en Bankethakkerij

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh
teh dissajagikeun tempat ngaleueutpa
noe samoerina.

Sareng tissa ngitjal kaperloea-
nana koeweh sapertos: boemboena,
klosirna sareng kembangna oge, panga
ce kenging badanten.

Tissa mangdameikeun ijs poe-
ter noe sajaktosna dina 1 Liter tim-
bangan pangao f 2,50 doegi ka 15—
ditanggel ase.

Noe agente
Raden Natamihardja.

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

17

KEMBANGGOELA
HOP JE 8.

Jang paling onak.

per blikk istinja 400 blidji f 3.—

Bosat djeocal lagi per peti blikk 4 blikk 4

400 blidji f 10.—

STROOP jang paling onak

per bl. f 0,50

voor djeewal lagi

1 peti bl. 10 bl. f 4.—

Tersik Roepa-roepi Seperti:

Frambozen, Rosea, Chiroen, Ananas,

Piaggio onak.

Melatikna bolok dapat pada:

Merk DJIT GOAT BING

Semarang.

27

Hatoer Oeninga.

Ka soegri noe maroen weekblad Sipataboenan
ti kapong 1 Augustus 1925 pribades parantos
ngademel hidii atocan asjar, kapierenan orang
Seunda noe raresep maue, nia eta ngademel
BRUNGKEUAN BOEKOE noe cuusna 10

boekoe 10 warua, nia etas:

1 Watatjan Samoen pangan f 0,45

1 Nabi Paras f 0,50

1 Tendoeng Weela f 0,75

1 Enden Djadija f 1,30

1 Lalangan Sadjiati f 1,15

2 Abdool Moeloek I en II f 1.—

2 Kadecheeng tara ti beula f 1.—

2 Tjoeeng I en II pangan f 0,70

Djoemlah f 4,85

Tab saha-saha noe paisi boekoe-boekoe noe

disabatan di loebot, enggal bas ngintosna

ettes f 3,50 (tipe roepia satengah) ka:

M. ENCKA-WIDJAJA

Tjimoerah-Garoet.

52

Dr. TAN TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjockoet Zuid Bandoeng, tuket tilas boemina
Dir. Dr. Saleh Marhoema.

Ngalandongan segala roepi panjawat marioe saban dinten.

Waktosna.

Endjing-endjing 7 - 9

Sonten 4 - 5

41

INILOO!

Fabriek Segala Matjem Saboek (ket pinggang) koelit Kalf
en Bruin dan kain Grim Boeloe. Oekceran lebar 1½ sampe
3½ Duim, dan Segala Model Koepjah Beicedroe en Koepjah
Padang Aloes dan kasar, Sandal en Teroempah terbiken dari
koelit Betoel.

Menoenggoe pesenan Dingen Rembours,
H. M. A. MOEGNIE
GRISSEE.

46

SIK DJOEN KWAN
TOEKANG GIGI

TJihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui suxen-ungen sadajana, jen di doenja palaj hi-
roep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh
anoe parelim anoe raraes bae. Handjakal tina hal barang ka-
sehatan waos muh, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna
nambihau celam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami
ngagoandoek ka lebet doegi ka kudjadian njeri waos sareng ko-
ropok.

Di dien bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu
di toeang koe ahilina (dokterna) moal tissa sae, katoengan
anoe teu antjoer pisau ngadjadikueun kasawat lajendeng possing,
njeri patoeangan, seaek napas, euang, teu aja napsoe